



**REPIBLIK DAYITI**  
MINISTÈ SANTE PIBLIK AK POPILASYON



**GRAHN**  
POU YON AYITI TOU NÈE



**KOLERA**

OKTÒB 2016

GRAHN-Monn ak CIFAS-MSPP prepare modil sa a avèk kolaborasyon Doktè Ernst NOEL, pwofesè Fakilte Medsin ak Famasi (FMP-UEH), gras a yon sibvansyon OIF (òganizasyon entènasyonal frankofoni).

Radyo edikatif MENFP a fè pwodiksyon odyovizyèl la.

Madam Mona PRISMY ak Doktè Frederic BARAU DEJEAN prepare dokiman pedagogik la. Moun ki mete dokiman franse a an kreyòl : TRADPART.

Dènye revizyon dokiman an se Doktè Frédéric BARAU DEJEAN.

## Modil sou maladi kolera

### Sa ki nan modil la

|                                                                             |          |
|-----------------------------------------------------------------------------|----------|
| Entwodiksyon .....                                                          | 6        |
| <b>Jan modil la òganize .....</b>                                           | <b>8</b> |
| <b>Ki piblik ki ka enterese .....</b>                                       | <b>8</b> |
| Deskripsyon modil la .....                                                  | 8        |
| Konpetans jeneral .....                                                     | 8        |
| Konpetans an patikilye yo .....                                             | 9        |
| Sa ki gen nan modil la .....                                                | 9        |
| Konpetans # 1: Konprann sa kolera a ye .....                                | 10       |
| <i>Aktivite aprantisay : Sekans 1.1</i> .....                               | 10       |
| Sekans 1.1 : Sa kolera a ye .....                                           | 10       |
| Sekans 1.2 : Ki jan kolera a parèt an jeneral.....                          | 10       |
| Sekans 1.3 : Ki jan moun pran kolera .....                                  | 12       |
| <i>Aktivite aprantisay : Sekans 1.3</i> .....                               | 13       |
| Sekans 1.4: Jan moun pran maladi a .....                                    | 15       |
| Kote mikwòb kolera a abitye prezan.....                                     | 15       |
| Jan moun pran maladi a .....                                                | 15       |
| <i>Aktivite aprantisay : Sekans 1.4</i> .....                               | 16       |
| Sekans 1.5 : Ki jan kolera a devlope andedan moun.....                      | 17       |
| Sekans 1.6 : Sa ki fè moun fasil pran kolera .....                          | 18       |
| Konpetans 2 : Jan maladi a manifeste.....                                   | 18       |
| Fòm kolera ki pa gen okenn sentòm (moun nan pa sanble li malad) : 80 %..... | 19       |
| Fòm kolera ki gen sentòm nan .....                                          | 19       |
| Sekans 2.1 : Siy ak sentòm maladi a .....                                   | 19       |
| Fòm kolera ki grav yo .....                                                 | 20       |
| <i>Aktivite aprantisay : Sekans 2.1</i> .....                               | 20       |

|                                                                                             |    |
|---------------------------------------------------------------------------------------------|----|
| Konpetans 3: Tretman kolera .....                                                           | 21 |
| <i>Aktivite aprantisay 3.1: Etid yon ka avèk demonstrasyon</i> .....                        | 24 |
| Sekans 3.1 : Ki swen pou bay moun ki gen dyare pandan yon epidemi kolera <sup>¶</sup> ..... | 25 |
| Tretman ak sewòm oral : reyidratasyon w ap bezwen .....                                     | 26 |
| Tretman ak sewòm oral : dezidratasyon ki pa grav.....                                       | 28 |
| Sa ki rekòmande pou yon ka dezidratasyon grav.....                                          | 26 |
| <i>Aktivite aprantisay 3.1: Reyidratasyon pou yon ka kolera</i> .....                       | 27 |
| Konpetans 4 : Ki jan pou fè prevansyon kolera .....                                         | 28 |
| <i>Aktivite aprantisay : Sekans 4.1</i> .....                                               | 28 |
| Sekans 4.1 : Dlo potab .....                                                                | 28 |
| <i>Aktivite aprantisay 4.2 : Kòman pou konsève dlo potab ak jan yo sèvi avè l</i> .....     | 30 |
| Sekans 4.2 : Ki jan pou nou lave men nou.....                                               | 31 |
| Ki lè yon moun dwe lave men l?.....                                                         | 31 |
| <i>Aktivite aprantisay 4.2:</i> .....                                                       | 33 |
| Ki dispozisyon nou ka pran pou n jere anviwònman an? .....                                  | 33 |
| <i>Aktivite aprantisay 4.3 :</i> .....                                                      | 35 |
| Sekans 4.3 : Règ sekirite ki dwe aplike nan seremoni antèman. ....                          | 35 |
| Konpetans 5: Konprann vaksinasyon pou kolera .....                                          | 36 |
| Sekans 5.1 : Vaksen kolera oral (yo bay li pa bouch) .....                                  | 36 |
| Kisa pou nou sonje trè enpòtan .....                                                        | 40 |
| <b>Anèks I</b> .....                                                                        | 41 |
| Anèks II .....                                                                              | 42 |
| Anèks III: Tès.....                                                                         | 43 |

## Koleksyon Edikasyon nan Sante



**GRAHN**  
POU YON AYITI TOU NÈP



**REPIBLIK DAYITI**  
MINISTÈ SANTE PIBLIK AK POPILASYON

## Entwodiksyon

Nan egzekisyon politik nasyonal sante a, ak plan oryantasyon sante a, pou zafè Resous Imèn, Ministè Sante a te chwazi :

1. pou mete fòmasyon pou diferan kategori pwofesyonèl lasante ak pwofesyonèl paramedikal la yo nan yon lòt nivo pi wo,
2. pou asire pèsònèl yo ap jwenn bon fòmasyon detan yo nan travay yo.

«Devlopman lasante nan tout peyi a pa p ka reyisi si chak sitwayen pa rekonèt wòl lasante nan pwòp devlopman pa li epi si yo pa chwazi fason ak konpòtman ki nesèsè pou yo vin an sante epi pou yo kenbe tèt yo an sante.»

Se pou sa, pwomosyon pou lasante vin prezante kòm yon priyorite nan politik nasyonal lasante a, yon fason pou bon kalite enfòmasyon rive jwenn plizyè gwoup ki konsène yo dirèkteman, sou ki bon konpòtman ki ka ede tout moun rete an sante, epi pou yo itilize sèvis yo pi byen nan lite kont maladi.

Direksyon sant enfòmasyon ak fòmasyon nan administrasyon lasante (CIFAS) ki nan Ministè sante piblik ak popilasyon (MSPP) an, mete tèt ansanm ak GRAHN (Gwoup refleksyon ak aksyon pou yon Ayiti tou nèf), ak RENACER (Rezo nasyonal sant resous), pou li ka benefisye espètiz yo ak teknoloji yo nan misyon li ki se bay enfòmasyon epi òganize fòmasyon, pou li ka prepare materyèl ansèyman ak aprantisay ki va disponib sou entènèt, sou sit wèb MSPP a (<http://www.mspp.gouv.ht>), e ki va itil pou fòmasyon a distans (FAD) ak edikasyon sou lasante.

Objektif nou :

- kore fòmasyon pou jèn pwofesyonèl nou yo ki ap travay sitou nan zòn pwovens ;
- fè edikasyon sou lasante avèk sansibilizasyon popilasyon an yon manyè pou fè prevansyon maladi ak pwomosyon lasante.

«Koleksyon CIFAS» sa a ap ogmante firanmezi ak divès lòt modil sou lòt pwoblèm sante piblik ak kontribisyon ni espè nasyonal, ni espè entènasyonal MSPP rekonèt.

Direksyon CIFAS ap remèsye chak grenn asosyasyon pwofesyonèl nasyonal li te kontakte yo pou kontribisyon pa yo nan domèn espètiz pa yo.

Pòtoprens, Ayiti, 30 septanm 2016



*Frédéric Barau Dejean*

Doktè Frédéric BARAU DEJEAN

Direktè CIFAS/MSPP


**CIFAS**



GRAHN-Monn se yon òganizasyon mondyal ki genyen sitwayen vijilan, toupatou sou latè, ki vle kontribye, apati yon aksyon reflechi, pou yo rezoud pwoblèm Ayiti. GRAHN-Monn se yon òganizasyon ki louvri pou tout moun san eksepsyon. Li santre aksyon li sou konstriksyon yon Ayiti tou nèf. GRAHN-Monn chita sou dwa moun, pataj, solidarite, ledikasyon, respè pou anviwonman an ak devouman san limit pou byennèt tout moun.



Objektif òganizasyon entènasyonal Frankofoni an se kolabore nan amelyore nivo lavi popilasyon yo nan ede yo fè pwòp devlopman pa yo. Li bay tout peyi ki manm li yo konkou nan preparare ak nan ranfòse politik yo, epi li fè yon seri entèvansyon nan politik entènasyonal ak koperasyon ant plizyè peyi, selon 4 gwo misyon li yo ki te deside nan gran reyinyon Frankofoni a.



Radyo edikativ kreye 6 desanm 1972. Pi gwo objektif li te bay tèt li se patisipe nan amelyore kalite ansèyman an. Depi plizyè lane, li tounen yon sant pwodiksyon pwogram radyo ak televizyon pou moun aprann. Li sèvi anpil kòm kanal pou gaye enfòmasyon, fè motivasyon ak sansibilizasyon pou popilasyon an nan moman kilfo sou plizyè bagay tankou egzamen ofisyèl, katastwòf natirèl, eksetera.



CIFAS kreye an 1997 pou akonpaye refòm sistèm lopital ann Ayiti. Li patisipe nan devlopman moun avèk bay konpetans plis valè. Selon sa MSPP mande li a, avèk sipò divès patnè, CIFAS devlope plizyè seri fòmasyon, atelye, semèn ak konferans pou li ankouraje anplwaye ministè yo ak lòt pwofesyonèl lasante yo. CIFAS ap jere sit wèb MSPP a depi 2010. [www.mspp.gouv.ht](http://www.mspp.gouv.ht)

## Jan modil la òganize

Modil fòmasyon sou kolera sa a òganize kòm yon konpetans jeneral ki bay plizyè ti konpetans an patikilye.

**Yon konpetans** se sa yon moun ki ap aprann dwe konnen, sa li ka fè, ak konpòtman li dwe genyen, pou li kapab jwenn solisyon yon pwoblèm.

- ❖ Lè nou di **konpetans jeneral**, se aktivite ki fèt nan travay oubyen nan lavi pwofesyonèl.
- ❖ **Konpetans an patikilye** yo yomenm yo bay plis detay sous a ki ap fèt la. Se tou sa ki dwe fèt pou arrive fè aktivite a, ki montre gwosè konpetans la ak enpòtans li.

Aprè yon seri aktivite aprantisay fin fèt, epi avan pou nou kòmanse avèk yon lòt sekans aprantisay oubyen yon lòt konpetans an patikilye, nou prevwa pou piblik la fè yon ti tès pou n fikse konpetans ak konesans patisipan yo apèn sot wè yo.

## Ki piblik ki ka enterese

- **1<sup>er</sup> nivo modil la:**

Objektif : enfòmasyon baz - sansibilisasyon popilasyon an – fè prevansyon - fòmasyon Ajan Sante kominotè Polivalan yo (ASCP)

- **2<sup>em</sup> nivo modil la:**

Objektif : edikasyon sanitè - pwotokòl ki sa pou fè (Gid jenn pwofesyonèl lasante nan sèvis sosyal).

## Deskripsyon modil la

Modil sa a bay enfòmasyon konsekan ki ajou sou maladi kolera. Enfòmasyon sa yo va ede jenn pwofesyonèl lasante yo pou yo fouye pi lwen nan konesans yo ; y ap ede popilasyon an rekonèt sentòm maladi a pou yo konnen ki dispozisyon yo ka pran pou yo fè prevansyon.

Konpetans ki pral devlope nan modil sa a:

## Konpetans jeneral

Lè modil la fini, yon jenn pwofesyonèl lasante ki suiv li ap kapab :

- a. Edike popilasyon an sou dispozisyon yo dwe pran devan reyalyte kolera a
- b. Byen swaye yon ka dyare
- c. Bay moun ak fanmi yo yon ankadreman sou kòman pou evite malady kolera.

Lè modil la fini, popilasyon an limenm ap kapab :

- a. Konprann sa kolera a ye.
- b. Konprann ki jan moun pran kolera.
- c. Sèvi ak prensip lapwòpte yo rekòmande pou anpeche moun pran kolera lè yo rankontre ka nan kominote a.

## Konpetans an patikilye yo

Depi modil la kòmanse jouk li fini, jenn pwofesyonèl lasante yo ap gen okazyon :

1. Pou yo esplike sa kolera a ye ak fason moun pran l.
2. Pou yo egzamine ki lakòz kolera a.
3. Pou yo ka swen malad yo byen depi lè yo rive nan enstitisyon sante oubyen nan kominote a.
4. Pou yo diskite sou mwayen pou anpeche moun pran kolera.
5. Pou yo fè popilasyon an konprann enpòtans lave men.
6. Pou yo edike popilasyon an sou kolera lè yon moun gen gwo dyare oubyen si yon moun nan kay la ta mouri maladi sa a.

Tout pandan modil la jouk li fini, popilasyon an ap gen opòtinite:

1. Pou li esplike sa kolera a ye
2. Pou li ka di ki siy ak sentòm kolera
3. Pou li pale sou jan yo anpeche moun pran kolera
4. Pou li itilize yon sewòm oral ki byen prepare.
5. Pou li rekonèt jan sa enpòtan pou yo suiv tretman yo.
6. Pou li pratike konsèy pwòpte yo ak ki jan pou men yo byen lave.

## Sa ki gen nan modil la

- Sa kolera a ye
- Ki jan maladi kolera a parèt an jeneral
- Ki jan moun pran kolera
- Siy ak sentòm kolera
- Sa ki bay kolera
- Jan yo pran swen moun ki gen dyare pandan gwo epidemi kolera
- Tretman kolera (medikaman, manje ak swen pwòpte)
- Prevansyon kolera
- Jan yo lave men
- Sewòm oral
- Jan yo konsève dlo potab
- Jan yo prepare manje san danje pou ta pran maladi kolera
- Asenisman (pwòpte anviwonman) epi fè netwayaj san danje
- Lè gen lanmò kolera andedan kay
- Vaksinasyon.

## Konpetans # 1: Konprann sa kolera a ye

### Aktivite aprantisay : Sekans 1.1

*Pou ki sa aktivite sa a : Aktivite sa a ap ede nou esplike popilasyon an sa kolera a ye ak pawòl klè.*

*Siman nou deja tande pale de kolera : pran yon fèy papyè epi ekri kèk mo enpòtan ki vin nan lespri nou lè nou tande mo «kolera» a.*

1. Ki sa mo «Kolera» a vle di ?
2. Egzamine mo nou ekri yo. Itilize yo pou n prepare yon definisyon.
3. Apre sa, konpare definisyon nou an avèk sa ki nan kare anba a.

### Sekans 1.1 : Sa kolera a ye

1. Kolera a se yon maladi ki parèt sou fòm dyare dlo ki ka sanble ak yon « dlo diri ». Dyare dlo fè moun nan pèdi dlo ak sèl nan kò l rapid (dezidratasyon); e jan li ap pèdi li rapid la ka mennen lanmò nan kèk èd tan si moun nan **pa jwenn swen**.
2. Kolera a se yon maladi dyare ki atrapan anpil, akòz yon mikwòb yo rele «*vibriyo kolere*». Se nan trip moun nan li devlope lè li bwè yon dlo kontamine oubyen li manje yon manje kontamine; sepandan li egziste kòm parazit nan dlo, nan zòn kote larivyè ale vide nan lanmè.

### Sekans 1.2 : Ki jan kolera a parèt an jeneral

Depi nan kòmansman 18yèm syèk la, gen sèt gwo epidemi gaye ki pase youn apre lòt jouk jodi a. Soti 1817, sis premye gwo epidemi ki te gaye nan lemonn soti dèlta Ganj ak Benngladèch yo, te idantifye kòm «vibriyo kolere biyova O1» (klasik). An 1961, se te yon lòt yo rele Èltò ki te soti nan Zilselèb : li te lakòz 7yèm gwo epidemi a ki te frappe Lafrik (1961), ak Amerik Latin an 1991. Kolera chita kò li depi lè a ann Afrik, ann Azi ak ann Amerik Latin.

An 1992, yon lòt ankò yo po te ko konnen vin lakòz yon epidemi kolera grav nan peyi Lenn ak Benngladèch : «Sewova O139», fanmi ak biyova Èltò a. Yo gen rezon panse kòm li chita kò li, li ka bay 8yèm gwo epidemi a.

## Ann Ayiti

21 oktòb 2010 – Laboratwa Nasyonal Sante Piblik la (LNSP/MSPP) idantifye «vibriyo kolere O1 Ogawa Èltò» ann Ayiti, nan yon popilasyon ayisyèn ki pa janm te kontre a mikwòb sa a, e kidonk retwouve li frajil anpil pa rapò a maladi li bay la. CDC vin konfime sa.

4 me 2011 – «[Rapò](#) gwoup espè endepandan ki te reskonsab mennen ankèt sou ki kote epidemi kolera sa a ki parèt ann Ayiti a soti..., di an konklizyon se divès sikonstans ki lakòz, san se pa fòt yon moun oubyen yon bagay yon gwoup moun fè ann espre.

Rapò a konstate premye ka kolera a te entène nan lopital Mibalè, nan yon zòn pi wo flèv Latibonit la, nan aswè 17 oktòb 2010, epi yo te konfime premye ka kolera ann Ayiti a 22 oktòb 2010,...

Rapò a di «Divès dat yo anrejistre ka yo montre epidemi an avanse ak flèv Latibonit la». Kanta pou sous kontaminasyon ki ta deklannche epidemi an, espè yo remake kondisyon lapwòpte ak pwoteksyon ki te genyen nan kan MINISTA Mibalè a pa te sifi pou te anpeche twalèt sòlda yo kontamine rivyè Mèy la, yon branch rivyè ki ale nan flèv Latibonit la.

An plis de sa, lòt espè ki t ap fè rechèch endepandan pa yo sou mikwòb ki lakòz epidemi an, vin montre tout mikwòb epidemi sa a «tout an rapò youn ak lòt, ki fè sa vle di, pwoblèm nan soti yon sèl kote ann Ayiti », epi mikwòb la « sanble anpil ak mikwòb kolera Azidisid la ki ap sikile ann Azi a, men li pa egzakteman menm avè l; sa ki montre se pa ann Ayiti mikwòb kolera a te egziste ». Se kontaminasyon rivyè Mèy la ki lakòz kalite epidemi kolera sa a gaye nan peyi a apati de flèv Latibonit la.


«Plizyè rezon ka esplike pou kisa epidemi an gaye brital kon sa : anpil moun sèvi ak dlo rivyè a pou lave rad, pou benyen, pou bwè epi pou yo amizman; peyizan yo toujou an kontak ak dlo flèv Latibonit la ki sèvi pou wouze jaden (irigasyon); kalite dlo flèv Latibonit la favorab pou mikwòb vibriyo kolere a miltipliye; popilasyon ayisyèn nan pa devlope okenn pwoteksyon kont kolera piske li pa te egziste nan peyi dAyiti; move kondisyon liyèn ann Ayiti; deplasman moun ki pran enfeksyon an yo ale nan lòt zòn ak nan plizyè sant tretman; mikwòb sa a lakòz yon dyare ki pi grav paske li pwodui pi plis toksin ki pi pisan an; epi tou, kondisyon yo te resevwa malad kolera yo nan sant tretman yo an kòmansman pa te twò bon, ki fè lòt malad ak moun k ap travay nan lopital yo pa te byen pwoteje kont maladi a. »<sup>[1]</sup>

Depi lè sa a, kolera a gaye epi li chita kò li nan tout 10 depatman peyi a.

## Sekans 1.3 : Ki jan moun pran kolera

Konprann gwo epidemi kolera a, Ayiti

Èske se sòlda Nasyonzini yo ki pote kolera a ann Ayiti? Nouvo done yo di “Wi”




## Rezime sitiasyon kolera a ann Ayiti, 2010 a 2016

### Rezime ki konpare sitiasyon an nan pami plizyè ane

|      | Popilasyon | Ka yo wè | Ka ki entène | Moun ki mouri nan enstitisyon | Moun ki mouri nan kominote | Total moun ki mouri | Nivo mòtalite nan lopital | Kantite nouvo ka pou chak 1000 |
|------|------------|----------|--------------|-------------------------------|----------------------------|---------------------|---------------------------|--------------------------------|
| 2010 | 10085214   | 185351   | 103728       | 2521                          | 1580                       | 4101                | 2.43%                     | 18.38%                         |
| 2011 | 10248306   | 352033   | 186673       | 1950                          | 977                        | 2927                | 1.04%                     | 34.35%                         |
| 2012 | 10413211   | 101503   | 61877        | 597                           | 311                        | 908                 | 0.96%                     | 9.75%                          |
| 2013 | 10579230   | 58574    | 37649        | 403                           | 184                        | 587                 | 1.07%                     | 5.54%                          |
| 2014 | 10754665   | 27392    | 19476        | 209                           | 88                         | 297                 | 1.07%                     | 2.55%                          |
| 2015 | 10911819   | 36045    | 29642        | 224                           | 98                         | 322                 | 0.76%                     | 3.30%                          |
| 2016 | 10911820   | 21661    | 177741       | 151                           | 49                         | 200                 | 0.85                      | 1.98%                          |

Referans : MSPP Direksyon Epidemyoloji, Laboratwa ak Rechèch (DELR),

Men wout maladi kolera a suiv nan flèv Latibonit soti bò Mibalè rive jouk bò lanmè pi wo Senmak pandan premye semèn epidemi a te ap gaye a



### Aktivite aprantisay : Sekans 1.3


Pou ki sa aktivite sa a : Aktivite sa a ap ede nou konprann ki jan kolera a antre ann Ayiti ak fason li gaye.

Pètèt nou tande moun ap pale « responsabilite » Nasyonziini nan zafè kolera a ann Ayiti : sèvi ak dokiman sekans sa a :

1. pou ka idantifye kote maladi a te kòmanse
2. pou ka esplike kòman maladi a gaye nan tout depatman yo.
3. pou ka esplike sa ki lakòz ka yo vin ogmante vit kon sa.



Kote epidemi kolera a te vin parèt



Referans : CNRS –

Se soti nan baz MINISTA a mikwòb kolera a devide nan rivyè Meyè ki limenm transpòte li nan flèv Latibonit

**Divès ankèt ki fèt sou teren sou epidemi an rive** montre kòman bagay yo te pase.

«...Gwoup espè endepandan an te jwenn manda nan men Sekretè Jeneral Nasyonzini pou mennen ankèt sou ki kote epidemi kolera ann Ayiti a te soti. An me 2011, Gwoup espè a pibliye yon rapò ki montre aklè maladi a vin devlope poutèt kontaminasyon rivyè Mèy, branch rivyè goch flèv Latibonit la, avèk mikwòb « *Vibriyo kolere* » ki soti ann Azidid.

Doktè Renaud Piarroux, epidemiolojis franse espesyalis nan kesyon kolera, te rezime menm jan an nan rapò li te fè an jiyè 2011 : "Etid nou fè sou epidemi a bay plizyè agiman an plis ki vin pote konfimasyon se pote yo pote kolera a ann Ayiti. Te gen yon relasyon byen klè nan moman sòlda nepalè yo rive ann Ayiti ale pran pòs bò Mibalè a, ak premye ka kolera ki vin devlope nan Mèy kèlke jou sèlman apre sa [Se pou konnen apre Brezil ak Irigwe, se peyi Nepal ki angaje plis sòlda nan Minista], epi tou sòlda nepalè sa yo te fèk soti nan yon zòn kote epidemi kolera te ape frapè<sup>2</sup>. Kote lokalite Mèy sitiye byen lwen nan depatman Sant nan mitan peyi dAyiti, epi san pa gen okenn lòt moun ki vini nan lokalite a apa de solda nepalè yo, pa gen posiblite ditou pou yon mikwòb kolera ta rantre nan lokalite Mèy la yon lòt fason. Analiz laboratwa yo fè sou mikwòb kolera yo idantifye ann Ayiti a kore rezilta nou yo [yo montre se yon sèl mouvman ki fèt ki mennen sitiasyon sa a nan zòn nan.

Epi tou, divès lòt rechèch pèmèt nou konstate se nan dlo rivyè Mèy la dirèkteman baz Minista a te devide tout dechè li yo (fatra, twalèt ...)»



---

<sup>2</sup> Anvan yo te voye sòlda nepalè Minista yo ann Ayiti, te gen epidemi kolera ki t ap fè ravaj lakay yo nan moman an, e maladi a te chita nan peyi Nepal depi sekatanm 2010. Epi tou, gwoup sòlda sa a ki te rive nan Mibalè nan de premye semèn mwa oktòb la, te fè twa mwa antrenman nan Katmandou, nan peyi Lenn, ki se yon zòn kolera te ap frapè tou.

## Sekans 1.4: Jan moun pran maladi a

### Kote mikwòb kolera a abitye prezan

Ou pi fasil jwenn *mikwòb kolera a* anviwònman an, **plis nan kote dlo lanmè rankontre ak dlo dous, nan larivyè oubyen letan**, epi tou nan plant nan lanmè ak plant ki leve nan dlo nan pi fò zòn bò lanmè **peyi twopikal nan lemonn**.

Li kapab **kontamine bèt lanmè ak trip pwason. Li ret vivan pandan 50 jou nan dlo lanmè frèt (5-10°C), 10-12 jou lè dlo a pi cho (30-32°C)**. Se sa ki fè mikwòb la plis pèsiste nan sèten peyi ki nan zòn yo rele « entètwpikal » yo.

« *Vibriyo kolere* sewova O1 » an (LPS) sanble li trè byen adapte pou li devlope sitou nan trip moun. Se poutèt sa MOUN se pi gwo rezèvwa mikwòb kolera a (100 milyon mikwòb rive 1000 milyon nan 1 ml matyè yon moun ki gen kolera fè an fòm de dyare).

### Jan moun pran maladi a

Maladi sa a nan gwoup maladi transmisyon fekal-oral, ki vle di toudabò moun malad la pa pran prekosyon ki kote li **twalèt**, sa ki fè matyè li kapab al kontamine yon bagay ki al nan **bouch**.

Lè gen yon epidemi kolera, sèl fason pou yon moun pran maladi a, se lè li mete yon bagay kontamine (dlo oubyen manje pi souvan) nan bouch li. Sa vle di **lave men w ki tout lajounen pral nan bouch**, epi **pa jete matyè nenpòt kote atè** ape anpeche moun trape enfeksyon an e sa evite maladi kolera a gaye nèt.

Lòt bagay yo idantifye ki ka fè maladi kolera mache sou moun :

- Paregzanp, rasanbleman pou antèman moun ki viktim kolera pa sifi pou fè moun pran maladi a ; men sepandan, moun ki vin nan antèman an ka kontamine lè yo manje oubyen bwè bweson ak manje yo sèvi yo si moun ki te prepare yo a pa te pran prekosyon pou li byen lave men li apre li te fin manyen mò a.
- Moun ka pran kolera a tou pafwa lè yo manje bèt lanmè ki pa byen kuit alòske li te enfekte pou tèt mikwòb la te prezan nan anviwònman natirèl li.
- Pafwa yo konn di se moun ki bay moun kolera, men atansyon sa ka mete nou nan erè paske se pa egzakteman kon sa. Moun **pa ka pran** kolera tankou lè ou gripe, oubyen poutèt ou kole kò w tou pre moun ki kontamine a ; nou repete li ankò, ou ka pran kolera sèlman si sa ou mete nan bouch ou a kontamine ak matyè moun malad la ki gen dyare oubyen ak sa li vomi, li mèt se dlo ou bwè a, li mèt se manje ou manje a, li mèt se men w ki pa byen lave. Depi plizyè moun kontamine, maladi a ka gaye pi vit nan popilasyon an, toutotan kantite moun ki rete nan lokalite a anpil, ak selon nivo liyèn ki genyen nan zòn nan.


## Aktivite aprantisay : Sekans 1.4

Pou ki sa aktivite sa a : Aktivite sa a ap ede nou fè moun konprann enpòtans anviwònman nan kòman pou jere kolera.

Diskite sou jan yon moun pran maladi a epi jwenn ki mo ki eslike pi byen jan moun pran maladi a. Eslike pou ki sa chif tablo mwa oktòb 2016 la monte bridsoukou kon sa pou depatman sante Sid, Sidès, Grandans ak Nòdwès.


Lè gen gwo katastwòf grav ki fè dega sou enstalasyon dlo epi vin kreye move liyèn, sa vin pèmèt gen kondisyon ki pi favorab pou moun kapab malad ak kontaminasyon « fekal-oral » la.

Nou wè la a dega nan vil Jeremi apre siklòn Matye te frape l ann oktòb 2016.



Referans: MSPP Direksyon Epidemyoloji, Laboratwa ak Rechèch (DELR)

## Sekans 1.5 : Ki jan kolera a devlope andedan moun



- Moun pran mikwòb kolera a nan dlo yo bwè, oubyen nan manje yo manje ki te an kontak dirèk ak moun ki gen maladi a oubyen ak moun ki gen mikwòb la nan kò yo san yo pa malad. Asid ki nan lestomak la bay moun yon degre pwoteksyon kont kontaminasyon an. Sepandan, mikwòb ki arive pase baryè sa a ap multipliyè nan nivo trip yo (entesten).
- Lè sa a yo kole byen kole sou entesten an pou bay plizyè reyaksyon.
- Sentòm dyare dlo a vin pwodui pou tèt mikwòb kolera a lage yon « toksin » ki li menm pral deklannche tout reyaksyon nou wè nan tablo pi wo a.
- Gen yon lòt eleman yo rele “lipopolisakarid” (LPS) ki gen lè ta jwe yon wòl tou nan devlopman maladi a. LPS la se yon pwoteksyon ki pral fasilite pwodiksyon “antikò” ki ka lite pi devan kont maladi a.

## Sekans 1.6 : Sa ki fè moun fasil pran kolera

|                                                                                            |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                        |
|--------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <p><b>Men ki kondisyon ki ka fè maladi kolera gaye pi fasil</b></p>                        | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Lè popilasyon an sèvi ak nenpòt dlo nan move kondisyon liyèn - Lè pa gen bon kontwòl sou kalite dlo a oubyen lè yo pa byen kontwole jan yo konsève dlo a</li> <li>• Twalèt atè ; swa lokalite a pa mete latrin pou sispann fè bezwen w atè, osinon latrin ki la yo pa byen pwòpte ak bon respè liyèn</li> <li>• Move abitud nan kesyon pwòpte ak liyèn (pa lave men, prepare manje nan move kondisyon)</li> <li>• Kote ki gen twòp moun ki vin abite : bidonvil, kan refijye, lekòl, prizon), kote foul moun rasanble(maryaj, antèman)</li> <li>• Sezon : nan sezon sèch akòz dlo ki manke popilasyon an sèvi ak dlo ki pa twò pwòp / pandan sezon lapli akòz dlo desann, inondasyon, bon sous dlo yo kapab vin kontamine</li> <li>• Lè gen anpil depasman ak mouvman popilasyon soti yon lokalite ale nan yon lòt</li> </ul> |
| <p><b>Kondisyon ki fasilite ou ka fè maladi kolera grav la ki mennen lanmò pi plis</b></p> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Lè yon popilasyon pa te janm te ko jwenn maladi a, ki fè li pa gen okenn pwoteksyon pou li</li> <li>• Eta sante popilasyon an tankou : malnitrisyon, vye granmoun, ti moun piti, fanm ansent, ti bebe nan tete, moun ki souffri lestomak, moun gwoup san yo se gwoup O</li> <li>• Pa gen mwayen pou idantifye maladi a rapid ni pou jwenn tretman ki adapte (menm si se ta konesans ak konviksyon pèsònèl pa moun)</li> </ul>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 |

## Konpetans 2 : Jan maladi a manifeste

Kolera se yon maladi ki brital epi vyolan anpil. Ti moman tan li gen tan devlope a, apèn de zè de tan rive senk jou, se sa ki pi gwo rezon ki fè epidemi yo kapab gaye rapid. Ni timoun ni granmoun ka viktim, e li ka touye w nan menm ti moman tan sa a.

Pandan maladi kolera a ap frape, moun ki malad yo pwodui anpil mikwòb la an gran kantite nan twalèt dlo yo bay la pandan 5-10 jou (10-20 lit / jou pafwa, ki vle di 3 jiska 6 galon). **Menm jan nan moman gwo epidemi yo anpil moun ka pwodui mikwòb la san yo pa malad kolera a. Sa se yon lòt gwo rezon ki fè kolera a kapab gaye anpil.**

Sepandan, moun ki pa gen kondisyon nou te di ki favorab pou devlopman maladi a yon ti jan pwoteje poutèt asidite nan dijesyon a : lè sa a, kantite mikwòb la dwe pi plis pou maladi a ka devlope.

### **Fòm kolera ki pa gen okenn sentòm (moun nan pa sanble li malad) : 80 %**

80 % kon sa nan moun ki pran *mikwòb kolera* a, pa gen okenn sentòm, menm si apre yo fin kontamine mikwòb la prezan nan twalèt yo pandan 1 a 10 jou e yo lage l nan anviwònman an, kote mikwòb la ka kontamine lòt moun.

### **Fòm kolera ki gen sentòm nan**

Pou moun ki gen sentòm yo, 75 % ladan yo pa grav, men 25 % ladan yo ka devlope yon gwo dyare dlo ki fè malad la pèdi anpil dlo nan kò l (dezidratasyon) :

- Fòm ki bay ti pwoblèm piti : 18 %
- Fòm ki bay pwoblèm ki pa twò grav : 5 %
- Kolera grav : 2 %.



## **Sekans 2.1 : Siy ak sentòm maladi a**

Kolera a se yon maladi ou jwenn ki atake moun sèlman ; li pa devlope sou bèt. Li bay dyare ak gwo dezidratasyon (pèd dlo nan kò moun). Apre yon ti dele tou piti (kèk è de tan rive 5 jou), maladi a kòmanse bay yon dyare ki sanble ak twalèt (li gen matyè ladan l) ; dyare a vin dlo sèlman apre, san pa gen fyèv. Li bay gwo doulè lestomak ak doulè nan vant, gwo vomisman. Dyare a vin pa ka kontwole (dyare « dlo diri »), dezidratasyon, tanperati kò l desann, e tansyon li desann.

Malad la ka pèdi jiska 15 lit dlo nan kò li pa jou (jiska 5 galon). Se sa ki fè maladi a grav.

## Fòm kolera ki grav yo

- Tan pou mikwòb la devlope : 2 a 3 jou kon sa (dènye limit: kèk è de tan jiska 7 jou)
- Kòmansman brital, san avètisman
- malad la twalèt anpil, men twalèt la nòmal an kòmansman, apre sa dyare
- Twalèt la dlo, klè, tankou dlo diri, li bay yon odè fad, e li pa gen matyè ladan l
- Valè fwa jiska 50 a 100 fwa pa jou malad la bay twalèt dlo
- Vomisman vini tou apre dyare a, menm jan ak twalèt yo



### Mànyèl fòmasyon Ayiti kolera

## Aktivite aprantisay : Sekans 2.1

*Pou ki sa aktivite sa a : Aktivite sa a ap ede nou pou diskite ki jan pou anchaje yon ka kolera.*

- 1. Èske nou deja bay swen bay moun ki gen kolera ?*
- 2. Si repons lan se non, èske nou déjà okipe yon moun ki gen yon gwo dyare deja? Kòman moun nan te ye? Chak konbyen tan moun nan te konn twalèt? Sa dyare li a te sanble?*
- 3. Ki sa nou te fè pou nou ede malad la? Èske nou déjà konnen sa sewòm oral ye? Èske nou déjà te itilize li pou moun ki gen dyare? Èske se nou menm ki te prepare li? Si repons lan se wi, kòman nou te prepare li?*
- 4. Èske nou retounen jwenn avèk malad la pou nou suiv kòman eta sante li te vini apre? Si repons lan se wi, èske eta sante li te amelyore?*

## Konpetans 3: Tretman kolera

Kolera se yon maladi ki fasil pou tretman. Ou ka geri jiska 80% nan moun ki pran kolera yo lè ou ba yo sewòm oral byen rapid (ti sachè SEWÒM ORAL OMS/UNICEF). Si dezidratasyon an trè grav, sewòm oral la pa p sifi, e ou dwe mete sewòm nan venn pou malad la.

Malad sa yo bezwen antibyotik adapte tou pou dyare a dire mwens tan, pou kapab diminye sou kantite sewòm moun nan ap reyèlman bezwen pou li byen reyidrate, epi pou diminye valè tan li kapab fè ap pwodui mikwòb. Men atansyon, sa pa rekòmande pou yo distribiye antibyotik bay tout popilasyon moun yo, paske antibyotik la pa anpeche maladi a pou li gaye, epi lè kon sa tou sa ka fè mikwòb la vin abitye ak medikaman yo jouk tan yo pa fè okenn aksyon vre sou maladi a (se sa yo rele “rezistans”).

Tretman kolera a chita sou reyidratasyon ann ijans ak sewòm nan venn, pou ranplase pakèt kantite dlo ak sèl sèten malad arive pèdi.

Tretman an fèt an de pati :

- 1) bay malad la likid pou ranplase kantite likid li gen tan pèdi, epi
  - 2) kontinye reyidratasyon an pou malad la pou ranplase likid li toujou kontinye ap pèdi a.
- Sewòm Rinjè laktat la (SRL) pi meyè pase sewòm yo rele destròz salin la, paske Rinjè a fèt ak yon eleman (laktat) pou korije pou malad la pa fè “asidòz metabolik” ki se yon konplikasyon an menm tan li ranplase potasyòm malad la ap pèdi pandan li gen kolera a.
  - Sa ki rekòmande pou malad ki fè dezidratasyon grav se sewòm nan venn : 100 ml/kg pandan 3 zè de tan, 30 ml/kg pandan 30 premye minit yo, epi 70 ml/kg pandan 2 zè ½ de tan apre yo.
  - Pou malad ki gen pi piti pase ennan oubyen si malad la fè malnitrisyon, reyidratasyon an dwe fèt pandan de fwa plis tan.
  - Gen kabann espesyal pou ka kolera pou yo kontwòle dyare a pi byen. Yo dwe ranplase likid sa yo malad la ap pèdi yo avèk SEWÒM ORAL an preferans.

Sa se faz “kenbe kò” a kote objektif la se kenbe malad la sou bon reyidratasyon nòmal ak sewòm oral pou ranplase tout kantite likid yo toutotan malad la ap pèdi yo. Pou faz tretman sa a, yo bay malad la sewòm oral ak anpil siveyans paske gen malad ki tèlman pèdi dlo, yo pa ka pran SEWÒM ORAL la sèlman. Si yo pèdi dlo ankò, y ap bezwen pran sewòm nan venn avèk menm metòd yo te itilize nan kòmansman an. Apre sa, yo ka kontinye avèk SEWÒM ORAL la.

### Sewòm nan venn

Pi meyè

Rinjè laktat

Aseptab / Valab \*

Destròz salin \*

Pa aseptab

Destròz senp

\* = Aseptab nan ka ijans lan men atansyon sewòm sa a pa korije « asidòz metabolik » la

| Kalite malad yo                                          | Premye chwa                                                                                 | Dezyèm chwa                                                                                                                             |
|----------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Granmoun<br>(fanm ansent pa ladan)                       | Doksisiklin : 300 mg (yon sèl dòz oral)                                                     | Azitwomisin : 1 g (yon sèl dòz)<br>Tetrasiklin : 500 mg (4 fwa pa jou pandan 3 jou)<br>Eritwomisin : 500 mg (4 fwa pa jou pandan 3 jou) |
| Fanm ansent                                              | Azitwomisin : 1 g (yon sèl dòz)                                                             | Eritwomisin : 500 mg (4 fwa pa jou pandan 3 jou)                                                                                        |
| Timoun ki gen plis pase 12 mwa ki ka vale grenn          | Azitwomisin : 20 g/kg (yon sèl dòz)<br>Eritwomisin : 12,5 mg/kg (4 fwa pa jou pandan 3 jou) | Tetrasiklin : 12,5 mg/kg (4 fwa pa jou pandan 3 jou)                                                                                    |
| Timoun ki po ko gen 12 mwa ak lòt malad ki pa kapab vale | Doksisiklin : 2 a 4 g/kg (yon sèl dòz oral)**                                               |                                                                                                                                         |

### Bay zenk kòm sipleman

Zenk lan, lè ou bay ti moun li detan li gen kolera a, sa vin diminye fòs maladi a sou ti moun nan epi li ede li geri pi vit. Se menm jan li fè pou lòt ka maladi dyare ka ti moun.


- Si zenk lan disponib, se pou kòmanse bay li tou suit jouk tan dyare a ale. Dòz la se 10 a 20 mg oral chak jou.

Lis tout enstitisyon ki ap bay sèvis pou asire tretman maladi kolera

TABLO 9

Gid pou ede nou pran desizyon

## Gid pou tretman kolera



### **Aktivite aprantisay 3.1: Etid yon ka avèk demonstrasyon**

**Pandan w al vizite yon tibebe ki malad lakay li, ou konstate li genyen youn nan sentòm sa yo :**

- Plizyè dyare dlo pandan inè de tan ki fèk sot pase a
- Vomisman
- Li pa pipi
- Kriye san je li pa fè dlo
- Li pa fè mouvman/reyaksyon lè w ap manyen li

*Ou deside pou oumenm ka timoun sa a se yon dyare grav avèk dezidratasyon : se pou timoun nan bwè sewòm oral epi yo dwe mennen li lopital san pèdi tan.*

**Animasyon** Montre ki jan yo dwe prepare yon sewòm oral.

#### **Ki jan yo prepare sewòm oral : avèk ki sa**

- Savon ak dlo potab (pou lave men)
- Yon veso pwòp ki ka pran 1 lit dlo (1/4 galon) pou pi piti
- Yon bagay pwòp (tankou yon kiyè) pou ka brase/melanje sewòm nan
- Yon gode pwòp pou bay moun nan bwè, oubyen yon kiyè pwòp si se yon timoun ki dwe pran sewòm oral la
- Yon lit (1/4 galon) dlo trete (dlo potab)
- Yon sachè sewòm oral

#### **Ki jan yo prepare sewòm oral : men sa pou fè**

- Lave men nou ak dlo potab ak savon.
- Mete 1 lit (1/4 de galon) dlo potab nan yon veso pwòp.
- Vide sachè sewòm oral la nan dlo a.
- Brase dlo a ak yon bagay ki pwòp (tankou yon kiyè) jouk tan poud blanch lan disparèt nèt.
- Itilize yon gode pwòp oubyen yon kiyè pwòp (pou timoun piti) pou ba yo bwè sewòm oral la.

Pandan aktivite a, patisipan yo ap suiv ki jan fòmètè a ap prepare sewòm oral la, apre sa y ap fè l tou anba je fòmètè a.

Apre chak demonstrasyon, y ap evalye travay la epi y ap bay esplikasyon so usa ki fèt la.

Y ap retounen fè menm demonstrasyon an ankò, avèk dlo, sèl ak sik, san yo pa sèvi ak sachè sewòm oral fwa sa a.



### Sekans 3.1 : Ki swen pou bay moun ki gen dyare pandan yon epidemi kolera <sup>[3]</sup>

Prepare yon sewòm oral touswit pou bay moun ki gen dyare dlo yo.

Prepare yon sewòm oral tou pou moun ki gen kolera a ka bwè li pa ti gòjèt pandan tout tan li sou wout pou li ale nan sant sante ki pi pre a jiskaske li rive.

Ale touswit nan yon sant sante, oubyen nan sant tretman kolera ki pi pre a, oubyen chache wè yon pwofesyonèl lasante nan kominote a.

| Moun nan pa dezidrate                                                                                                                                                                                                                                           | Dezidratasyon an pa grav                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                           | Dezidratasyon an grav                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <ul style="list-style-type: none"> <li>Li pa swaf ditou</li> <li>Lè ou peze po moun nan ak de dwèt ou, li retounen pran plas li jan li te ye a</li> <li>Moun nan pipi nòmal</li> <li>Batman kè moun nan byen frappe lè ou peze venn ki nan ponyèt la</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>Moun nan ajite e li nève fasil</li> <li>Twou je li fon</li> <li>Bouch li ak lang li chèch</li> <li>Li santi l ap swaf</li> <li>Lè ou peze po moun nan ak de dwèt ou, li pa retounen pran plas li vit jan li te ye a</li> <li>Moun pa pipi anpil</li> <li>Tibebe yo pa gen anpil dlo nan je, fontèn tèt li desann</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>Moun nan tankou li nan dòmi oubyen li san konesans</li> <li>Bouch li ak lang li chèch anpil</li> <li>Lè ou peze po moun nan ak de dwèt ou, li pa retounen pran plas li ditou jan li te ye a</li> <li>Batman kè moun fèb anpil lè ou peze venn ki nan ponyèt la, epi tansyon li desann</li> <li>Li prèske pa pipi ditou</li> </ul> |

<sup>3</sup> Manyèl tretman kolera ann Ayiti

## Tretman ak sewòm oral : reyidratasyon w ap bezwen

| Kantite sewòm oral ki nesesè pou evite moun nan dezidrate (Rekòmandasyon OMS)                                                                |                                         |                                       |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------|---------------------------------------|
| Selon laj la                                                                                                                                 | Kantite sewòm oral apre chak twalèt dlo | Kantite sewòm oral                    |
| Mwens ke 12 mwa                                                                                                                              | ant 50 ak 100 ml                        | Omwens pou 500 ml pa jou (1 sachè)*   |
| Ant 2 ak 10 zan                                                                                                                              | soti 100 rive 200 ml                    | Omwens pou 1 000 ml pa jou (1 sachè)* |
| Plis pase 10 zan                                                                                                                             | valè moun nan santi li ka pran          | Omwens pou 2 000 ml pa jou (2 sachè)* |
| (*) Sachè sewòm oral yo kalkile pou fè yon lit sewòm. Men pafwa nan kèk peyi, sachè sewòm oral yo konn regle pou pi piti pase yon lit sewòm. |                                         |                                       |

## Tretman ak sewòm oral : dezidratasyon ki pa grav

| Laj      | < 4 mwa   | 4 a 11 mwa | 12 a 23 mwa | 2 a 4 lane  | 5 a 14 lane   | ≥ 15 lane     |
|----------|-----------|------------|-------------|-------------|---------------|---------------|
| Pwa (kg) | <5        | 5-7        | 8-10        | 11 -15      | 16-29         | ≥ 30          |
| ml       | 200 a 400 | 400 a 600  | 600 a 800   | 800 a 1 200 | 1 200 a 2 200 | 2 200 a 4 000 |

Pou kalkile kantite sewòm oral pou bay yon malad (an mililit), ou ka pran vale pwa malad la an kilogram epi ou miltipliye li fwa 75.

Estimasyon apeprè ki kantite ak vitès pou bay sewòm oral se 100 ml sewòm oral chak senk minit, jiskaske eta malad la vin estabilize.

## Sa ki rekòmande pou yon ka dezidratasyon grav

Kòmanse bay malad la sewòm nan venn san pèdi tan. Mete boutèy oubyen sak sewòm nan byen wo epi mete 2 rakò an plas si sa nesesè. Si malad la gen tout konesans li, epi si li ka bwè, ba li sewòm oral pandan li ap pran sewòm nan venn nan. Ba li Rinjè laktat (100 ml/kg) kon sa :

| Laj                         | Tou dabò bay 30 ml/kg nan venn : | Aprè sa, 70 ml/kg nan venn: |
|-----------------------------|----------------------------------|-----------------------------|
| Tibebe mwens pase 12 mwa    | Pandan Inè de tan*               | Pandan 5 è de tan           |
| Timoun ki pi gran (> 1 ane) | Pandan 30 minit*                 | Pandan 2 è ½ de tan         |

\*Rekòmanse ankò si batman kè a toujou fèb toujou oubyen si ou pa ka santi li nan ponyèt la.


### *Aktivite aprantisay 3.1: Reyidratasyon pou yon ka kolera*

*Pou ki sa aktivite sa a : Aktivite sa a ap ede nou pou diskite sou tretman kòman n ap fè yon reyidratasyon pou yon ka kolera apre nou fin kalkile ki degre dezidratasyon an ye..*

*1. Egzamine foto timoun sa a ki gen kolera :*

- Ki sa nou ka di sou foto # 1 an : Ki sa sa vle di?*
- Ki sa nou konprann nan foto # 2 a : Ki sa nou bay kòm konklizyon?*

*2. Dapre deba nou sot fè a, deside ki konpòtman nou dwe genyen nan kesyon reyidratasyon an.*



← **Foto # 1**

**Foto # 2** ↓



## Konpetans 4 : Ki jan pou fè prevansyon kolera

### Prensip ki pi enpòtan pou evite yon moun bay lòt moun kolera

Pa fè bezwen w atè. Kenbe matyè yo (poupou) bon distans ak dlo w ap sèvi ak bagay w ap manje. Asire manje oubyen dlo ou pral itilize yo pa kontamine ; se pou trete yo pou elimine mikwòb kolera a.

### Aktivite aprantisay : Sekans 4.1

- *Pran yon fèy papyè. Ekri sa nou konnen sou ki jan pou anpeche moun trape kolera*
- *Li tèks ki apre a (soti paj 28 rive 36)*
  - *Egzamine tout mo nou te ekri yo epi konpare yo ak sa nou jwenn nan tèks la*
- *Aprè sa, fè yon lis bagay nou ka fè pou nou ede popilasyon an evite trape kolera.*

### Sekans 4.1 : Dlo potab

#### Ki sa dlo potab la ye?

Dlo potab se yon dlo ki soti nan yon boutèy byen kachte, ki poko janm ouvè ; oubyen se yon dlo yo mete bouyi oubyen yo trete ak klowòks.

Gen plizyè mwayen ki rekòmande pou dezenfekte dlo pou li vin yon dlo potab ki itil pou anpeche moun pran kolera. Solisyon pou kwape kolera a nèt se anpeche kondisyon ki pi favorab pou moun kapab malad ak kontaminasyon « fekal-oral » la (ki ap bon pou tout maladi moun ka pran nan men sal, dlo oubyen manje ki kontamine ak twalèt). Li chita nan devlopman ekonomik ak posiblite pou tout moun nan lemonn ka jwenn dlo potab ak sèvis pwòpte. Se yon kondisyon liyèn ki enpòtan anpil pou nou anpeche gwo epidemi epi elimine kolera.

## Preparasyon tretman dlo ak klowòks, ipoklorit kalsyòm oubyen jif

### Preparasyon A : 1 lit a 2%

Melanj sa a trè konsantre pou dezenfekte twalèt ak vomisman nan ka kolera.

| Pwodui a                | % klò ladann | Ki kantite | Mezi apeprè                       |
|-------------------------|--------------|------------|-----------------------------------|
| Jif oubyen klowòks      | 4            | 0,5 L      | Mezire 2 kèp an plastik byen plen |
| Ipoklorit kalsyòm (HTH) | 65           | 30,8 g     | Mezire 4 kiyè plastik san chapo   |

### Preparasyon 2 : 10 lit dlo a 0,2%

Melanj sa a itil pou dezenfekte ekipman ak materyèl, oubyen sous dlo.

| Pwodui a                | % klò ladann | Ki kantite | Mezi apeprè                       |
|-------------------------|--------------|------------|-----------------------------------|
| Jif oubyen klowòks      | 4            | 0,5 L      | Mezire 2 kèp an plastik byen plen |
| Ipoklorit kalsyòm (HTH) | 65           | 30,8 g     | Mezire 4 kiyè plastik san chapo   |

### Preparasyon 20 lit (1 bokit) dlo ak klò a 0,05% klò (melanj C pou lave men, rad, veso...).

| Pwodui a                | % klò ladann | Ki kantite | Mezi apeprè                       |
|-------------------------|--------------|------------|-----------------------------------|
| Jif oubyen klowòks      | 4            | 0,25 L     | Mezire 1 kèp an plastik byen plen |
| Ipoklorit kalsyòm (HTH) | 65           | 15,4 g     | Mezire 2 kiyè plastik san chapo   |

*Referans : Fich teknik pou fè melanj dlo ak pwodui dezenfektan, Direksyon nasyonal dlo potab ak asenisman (DINEPA), Ayiti, septanm 2013*



Mete dlo a bouyi pou ka detwi mikwòb yo


**Bouyi dlo a  
Epi asire w li bouyi  
pandan  
1 a 3 minit pou pi piti.**

Koule dlo bouyi a ak yon twal pwòp



## Aktivite aprantisay 4.2 : Kòman pou konsève dlo potab ak jan yo sèvi avè l

Pou ki sa aktivite sa a : Aktivite sa a ap ede nou diskite bon abitud nou dwe bay tèt nou pou nou konsève dlo potab, epi pou nou sèvi ak dlo potab.



**Egzamine imaj sa a :**

1. Ki sa nou remake nan imaj la?
2. Fè lis sa nou remake yo.
3. Fè yon ti rale ak tout patisipan yo sou tout sa tout patisipan yo remake yo.
4. Ankouraje diskisyon sou ki jan dlo potab la dwe konsève, kalite veso yo epi ki jan pou yo ranje, prekosyon pou moun pran ...
5. Fè yon rezime bon abitud nou dwe adopte yo.

**Tretman ak bon fason pou nou konsève dlo lakay nou lè gen ijans (Mànnyèl pou pèsònèl ak volontè Lakwawouj/Kwasanwouj sou teren)**




**Atansyon : dlo a ka kontamine nan chak moman sa yo.**


## Sekans 4.2 : Ki jan pou nou lave men nou

Lave men avèk dlo potab ak savon se **yon** fason pou nou anpeche kolera a gaye: savon an itil pou elimine salte ak mikwòb kolera a soti sou men nou, kon sa moun kapab patisipe nan pwoteje tèt li ak fanmi li lè li lave men li souvan. Men ki pa lave (oubyen ki pa byen lave) kapab simaye mikwòb kolera a nan manje, dlo, ak nenpòt ki bagay yon lòt moun ta ka manyen nan kay.


**Ki lè yon moun dwe lave men li?**



## Ki jan pou ou lave men w?



1- Mouye men ou anba dlo



2- Savonnen men w



3- Fwote pla men w



9- Lese men w chese pou kont yo



4- Fwote do men w




8- Rense ak dlo pwòp



5- Fwote tout fant dwèt yo



7- Lave ponyèt yo



6- Netwaye zong yo

Si ou pa ka  
jwenn savon,  
fwote men  
avèk sann  
oubyen ak sab

## Aktivite aprantisay 4.2:

- *Pran yon fèy papyè, ekri sa ou konnen sou ki fason yo dwe lave men nan liyèn.*
- *Ki sa ou ka di sou paj 32 a. Ensiste sou enpòtans lave men. Apre sa, fè lis tout bagay ou ka fè pou ou ede popilasyon an kontwòl kolera a.*
- *Mennen yon deba avèk patisipan yo etan w ap mande yo reponn kesyon pi ba yo :*
  - Ki lè nou lave men nou lakay nou?
  - Ki lè nou pa lave men nou lakay nou?  
(Endis : Mande gwoup la esplike difikilte yo rankontre nan moman sa yo epi chache yon solisyon pou fasilite lave men an).
  - Ki sa nou ka fè si nou pa jwenn savon?  
(Endis : nou ka fwote men nou ak sann oubyen ak sab).
  - Kòman nou seche men nou lè nou fin lave yo?  
(Endis : si nou pa gen yon sèvyèt pwòp, sekwe men nou epi kite lè a seche yo).
  - Kòman mikwòb kolera ki nan lòt moun ki gen maladi a ka kontamine lòt moun?

## Ki dispozisyon nou ka pran pou n jere anviwònman an?

Dispozisyon ki dwe pran pou jere anviwònman an se:

- devlopman sistèm kanalizasyon dlo ki konekte ak enstalasyon tretman dlo (kote yo ajoute klò);
- entèvansyon nan kay yo (filtre dlo, dezenfekte dlo ak pwodui chimik oubyen nan solèy, veso pwòp pou konsève dlo);
- konstriksyon sistèm kanalizasyon pou jete dlo sal ak dlo ki soti nan latrin.

Pi fò nan entèvansyon sa yo mande gwo envestisman pou lontan ; jere yo koute anpil lajan epi yo pa finanse yo fasil nan peyi ki mwens devlope yo, alòske se kote sa yo menm ki pi nesesite.

### Sa pou nou fè ak matyè yo nan peryòd epidemi kolera

KONSÈY

- Konsantre sou sa ki ka fèt rapid, egzanp lè yon moun poko gen latrin li ka sèvi nan zòn li ye a, distans pou li ta va konstwi yon latrin, pito li gen tan fouye yon twou pou kouvri matyè a anba tè ; epi fè tout mwayen posib pou toujou kenbe latrin ki la yo byen pwòp avèk bon enstalasyon dlo ak tout savon pou nou kapab lave men nou.
- Men sepandan yon epidemi kolera kapab se bon lè pou jwenn motivasyon pou konstwi latrin : paske lè kon sa, lè gen plizyè moun ki disponib pou fè tè ananm, e se bon lè pou sa fèt pou kominote a.
- Lè sa posib, idantifye ki sa ki nan abitud moun yo ki fè yo pa sèvi ak latrin, ni yo pa lave men yo ak savon ; chache konnen ki sa ki te ka motive moun yo fè sa nan sitiyasyon grav tankou epidemi a. Sa ka pèmèt prepare pi bon pwogram entèvansyon ki va ede pou elimine obstak yo.
- Si gen motivasyon sikolojik ki te bay rezilta pou devlopman nan yon ka, menm dispozisyon sa a ap kapab itil tou pou pote bon solisyon kont epidemi an.

- Lave kò nou ak kò timoun yo, lave dra sou kabann nou, rad ak kouchèt avèk dlo ak savon yon distans omwens 30 mètr kote nou pran dlo a.
- Lave twal tòchon nou sèvi pou netwayaj anndan kay, chak jou avèk savon epi kite yo pran solèy anvan pou yo sèvi ankò.
- Mete matla yo nan bon solèy pou dezenfekte yo.
- Tout rad ak dra ki sèvi pou yon moun ki malad kolera dwe netwaye avèk yon dlo klowòks ou prepare ak 1 mezi klowòks pou 100 mezi dlo. Latrin yo dwe a yon distans 30 mètr kote nou fè pwovizyon dlo nou pou pi piti ; menm jan tou si ou twalèt atè, fè yon twou pou kouvri matyè a 30 mètr dlo a pou pi piti.

### Dezenfekte dra, kabann, rad, machin, anbilans ki itilize pou malad ki gen kolera

KONSÈY

- Kay kote gen moun ki malad kolera oubyen maladi dyare dwe netwaye kay la byen netwaye avèk dlo klowòks oubyen lòt dezenfektan oubyen ak dlo ak savon. Apre sa tout bagay dwe pase nan bon solèy pou seche depi sa posib.
- Dra, rad oubyen lòt bagay ki sèvi malad gen kolera, pa dwe lave nan sous dlo ni nan rezèvwa kote yo mete dlo pwòp : sonje pi piti distans lan dwe omwens 30 mètr.
- Tout anndan machin ki sèvi pou transpòte malad ki gen kolera dwe lave ak dlo klowòks touswit apre malad la kite machin nan.
- Fanmi yo dwe jwenn enfòmasyon ak materyèl yo bezwen pou dezenfekte tout kote yo abite depi sa posib. Materyèl la ka distribiye tou bay reskonsab kominote a yo pou yo menm yo distribiye li bay fanmi malad la bezwen yo.
- Enfòmasyon sou bon jan pou dezenfekte kay yo kapab baya n menm tan ak enfòmasyon sou jan pou yo trete dlo ak konsève li, epi enfòmasyon sou liyèn nan zafè manje ak ki jan pou lave men.

### **Aktivite aprantisaj 4.3 :**

- *Pran yon fèy papye, ekri sa ou konnen sou jan pou yo prepare manje ak jan pou yo konsève l.*
- *Fè deba avèk patisipan yo. Mande yo reponn kesyon sa yo :*
  - Pou ki sa nou dwe byen kuit manje yo?  
(Endis : kèk manje, pwason, bèt lanmè ak legim, kapab kontamine).
  - Pou ki sa nou dwe ankouraje manje manje kuit cho oubyen chofo yo?  
(Endis : kèk manje tankou diri kuit kapab lakòz mikwòb la miltipliye).
  - Pou ki sa nou dwe konsève manje kuit nan yon veso ki kouvri?  
(Endis : pou anpeche mouch vin poze sou li epi pou li pa kontamine ak mikwòb kolera).
  - Pou ki sa li pi bon pou n manje manje nou fè nou menm oubyen nou konnen kote li soti?  
(Endis : men ki pa byen lave, manje ki mal kuit oubyen ki mal chofo bay kolera)

### **Sekans 4.3 : Règ sekirite ki dwe aplike nan seremoni antèman.**

Lè gen epidemi kolera, li enpòtan pou konprann kapab gen nesesite pou sipann pratike sèten abitud tradisyonèl lokal pou yon tan pou adapte yo yon fason pou diminye ris moun ka pran kolera pandan seremoni a :

- Kadav moun ki mouri nan kolera riske bay moun kolera akòz likid ki chaje ak mikwòb kolera ki ap soti sou li.
- Manm fanmi ki prepare kò a avan yo espoze l oubyen avan yo antere l kapab te patisipe nan prepare manje yo bay nan antèman an tou.
- Lè gen rasanbleman kominotè sa yo, trè souvan yo bay anpil moun manje, epi sa konn rive règ liyèn nan zafè manje yo pa respekte.
- Manje yo prepare a kapab bay mikwòb kolera a kote pou li miltipliye pi plis toujou.
- Trè souvan nan antèman, moun konn manyen mò a oubyen bo li. Sa fasilite yo pran kolera a.
- Moun ki soti lwen pou vin nan antèman an kapab pran kolera a epi yo pote maladi a nan lòt zòn nan peyi a lè yo tounen lakay yo.

## Konpetans 5: Konprann vaksinasyon pou kolera

### Vaksinasyon: yon mwayen yo konseye pou pwoteje tèt ou

Yo konseye gouvènman yo, OMS ak patnè yo pou reflechi tèt ansanm sou posiblite pou yo ta itilize vaksen kolera oral la pou fè prevansyon nan zòn kote maladi a chita kò li (zòn andemi), zòn ki riske anpil pou pran maladi a, epi nan konsiderasyon popilasyon ki nan gran bezwen. Men tou kòm reyaksyon nan moman epidemi. Kèlkanswa sityasyon an, pran yon desizyon mande pou yo byen analize ris yo ak danje yo.

Vaksinasyon pa ranplase nesite pou yo amelyore edikasyon sou kesyon dlo, asenisman (netwayaj ak pwòpte), epi liyèn ; ni li pa ranplase nesite pou dyagnostik rapid maladi a epi asire tout swen yo dwe bay moun ki kontamine yo. Vaksinasyon an pa dwe fè moun bliye pou yo toujou ap siveye lòt maladi dyare yo paske yo se lakòz pi fò timoun ki ap mouri nan peyi ki sou wout devlopman yo.

### Sekans 5.1 : Vaksen kolera oral (yo bay li pa bouch)

«Nan dat jodi a gen 3 vaksen kolera oral OMS di yo kapab bay : Dukoral® (dikoral), Shanchol™ (chankòl), ak Euvichol® (evikòl). Pou tou le twa vaksen yo, se 2 dòz pou bay pou jwenn yon pwoteksyon total<sup>4</sup>.

Dukoral® : yo bay li ak yon likid espesyal ki, pou gran moun, dwe prepare ak 150 ml dlo potab. Kòm ou pa fasil jwenn dlo potab nan zòn ki gen epidemi kolera, se sitou vwayajè ki itilize li. Pwoteksyon apeprè 65% pandan 2 ane.

Shanchol™ ak Euvichol® : se de menm vaksen, men ki fèt nan de laboratwa diferan. Ou pa bezwen gen likid espesyal la pou bay yo, ki fè li pi fasil pou bay anpil moun li nan sityasyon ijans. Se pou kite yon dèl 2 semèn pou pi piti apre premye dòz la, avan pou bay dezyèm dòz vaksen sa yo. Pandan se tan, premye dòz vaksen an ap deja bay moun nan yon degre pwoteksyon distans pou ba li dezyèm dòz la.

Moun ki pran vaksen Shanchol™ oubyen Euvichol® jwenn yon pwoteksyon apeprè 65% pandan 5 ane apre vaksinasyon an nan zòn kote maladi a deja chita (andemi). Pwoteksyon an fè gen mwens moun ki pran maladi, sa ki fè viris kolera a mache mwens nan popilasyon, ki fè sa vin ede pou diminye kolera a pi plis toujou nan popilasyon an. Pwoteksyon an plis sa, yo rele li pwoteksyon kolektif (pou tout moun nan kominote a).

... Lè pa gen sitiyaasyon ijans, vaksen yo disponib gras a Gwoup mondyal espesyal ki ap lite kont kolera a... Ak sipò OMS, yo te sèvi ak plis pase 5 milyon vaksen kolera oral nan kad gwo kanpay vaksinasyon. Yo te reyalize kanpay yo nan zòn kote gwo epidemi kolera a te monte akòz sitiyaasyon moun yo te vin pi frajil akòz move kondisyon lavi, ak nan popilasyon ki rete nan zòn maladi a toujou frape, zòn yo konnen kòm zòn sansib.

Lè yo sèvi ak vaksen kolera oral la, sa fasilite yo ranmase prèv ki montre kanpay vaksinasyon pou kolera a se yon zouti sante piblik ki ede pwoteje popilasyon ki pi plis riske pran maladi a.»

## Ann Ayiti

Vaksen kolera yo pa sanble yo kapab elimine yon gwo epidemi kolera tankou sila ki ap frape Ayiti kounye a.

### ① Efikasite vaksen kolera oral la ann Ayiti: suivi 37 mwa<sup>[4]</sup>

« Kòm solisyon pou lite kont epidemi kolera ki ap fè dega (vaksinasyon reyaktif), premye kanpay kont kolera ki sèvi ak vaksen oral la depi Òganizasyon Mondyal laSante te bay yon premye oke (prekalifikasyon), te fèt ak siksè an 2012 nan yon bidonvil pòv Pòtoprens, Ayiti, ki gen 70.000 moun kon sa. 75% nan tout moun sa yo nan popilasyon an te resevwa vaksen an. Rapò sa a ap dokimante rezilta vaksen oral kont kolera a nan diminye kantite ka kolera egzamen laboratwa (kilti) konfime, nan pami maladi yo te resevwa nan sant tretman kolera Gwoup Ayisyen pou Etid Sakòm Kaposi ansanm ak Enfeksyon Opòtinis (GHESKIO) nan kominote a pandan 37 mwa apre vaksinasyon an. (Avril 2012 - 30 Avril 2015).

Nan pami 1,788 ka maladi kolera ki te konfime ak egzamen laboratwa (kilti), 1,770 (99%) ladan yo, te swa yo soti an deyò zòn vaksinasyon an (1,400 ka), swa yo soti nan popilasyon kominote a ki pa te resevwa vaksen oral kont kolera a (370 ka). Nan zòn vaksinasyon an, 388 moun te devlope kolera (konfime ak egzamen laboratwa) : ladan yo, 370 te pami 17,643 moun ki pa te resevwa vaksen (2,1%) epi 18 lòt yo te nan pami 52,357 moun (0,034%) ki te resevwa vaksen an ( $P < 0,001$ ). Sa montre li efikas a 97,5% kon sa.

Menm si se pa yon etid sa yo rele egzamen RCT (an franse « Essai Contrôlé Randomisé »), kalite rezilta sa a se yon gwo prèv ki montre li trè efikas pou itilize vaksen oral kont kolera a **ansanm ak yon seri lòt aksyon** pou kontwòle kolera a lè gwo epidemi kolera ap gonfle. »

© Soyete ameriken medsin twopikal ak liyèn.

---

<sup>4</sup> Efikasite vaksen oral kont kolera ann Ayiti : apre 37 mwa siveyans. Am J Trop Med Hyg **94**: 1136–1142

## ② Analiz sou efikasite vaksen oral kont kolera a nan bidonvil Pòtoprens<sup>[5]</sup>

«...Yon analiz pi plis an pwofondè sou etid sa a montre moun ki fè l yo pa evalye efikasite vaksen oral kont kolera a pou kont li. Sa yo kalkile a plis sanble rezilta vaksen an mete ansanm ak rezilta tout lòt dispozisyon ki asosye avè l yo (tretman dlo, pwòpte ak netwayaj). Pou nou evalye ki feblès metòd la genyen, nou kalkile tout done yo te bay yo ak yon lòt analiz yo rele “analyse de cohorte biais –indicateur”... Nou wè estrateji yo itilize a efikas a 95% [93-97%] nan ka dyare ki pa dyare kolera tou. Pou nou ta fouye metòd la pi plis pou rezilta evalyasyon an ka plis verite, se pou nou obsève lòt mwayen prevansyon yo tou (pwomosyon dlo pwòp, pwòpte ak netwayaj...) ki yo menm te kapab diferan nan gwoup ki pa te vaksinen pa rapò ak gwoup ki te vaksinen.

Yon etid “cohorte” mande pou yo byen idantifye epi byen kontwole popilasyon y ap etidye a... Se pou sa, Sévère ak lòt chèchè yo te dwe fè yon etid ka-temwen pito (étude cas-témoin)... Lè nou sèvi ak rezilta etid sou dyare ki pa dyare kolera yo kòm gwoup kontwòl, nou jwenn vaksen oral kont kolera a efikas a 67 % (41-82%), ki pi sanble ak efikasite 58% (13-80%) kanpay vaksen oral kont kolera ki fèt menm moman nan zòn riralk an deyò ann Ayiti avèk menm vaksen.

... Jan dokiman OMS sou vaksinasyon kolera a montre sa, epi menm jan lòt analiz anplis nou fè sou rezilta Sévère ak lòt chèchè yo montre a, se tout lòt aktivite tretman dlo, pwòpte ak pwomosyon dlo potab yo dwe fè yo **ki se poto mitan** solisyon maladi kolera ak estrateji pou elimine l yo. Ann Ayiti, pa gen lajan pou kounye a pou sipòte pwogram sansibilizasyon kominotè ak tretman dlo nan tout peyi a. Se yon ti kras sèlman nan resous yo te mande nan plan nasyonal pou elimine kolera ann Ayiti 2013-2022 a (tretman dlo ak bon jan enstalasyon sanità) ki pwomèt pou bay jiska prezan. Efikasite vaksen oral la, ak feblès analiz li a, dwe fè patnè yo ak donatè yo **kontinye** finanse pwogram enpòtan sa yo ki se tretman dlo ak liyèn pou tousuit ak pi devan.

© Sosyete ameriken medsin twopikal ak liyèn



<sup>5</sup> Analiz sou efikasite vaksen oral kont kolera a nan bidonvil Pòtoprens Am J Trop Med Hyg 2016 95:493-494

### ③ Efikasite vaksinasyon oral reyaktif kont kolera andeyò ann Ayiti<sup>[6]</sup>


«...Soti avril pou rive jen 2012, yo te reyalize yon kanpay vaksinasyon « reyaktif » pou lite kont kolera ann Ayiti avèk yon *vaksen oral*. Nou eseye evalye ki efikasite vaksen an nan yon « etid ka-temwen » epi evalye ki feblès ki ta ka genyen nan etid la.

Entèpretasyon

Vaksen « bivalan » oral kont kolera a pwoteje moun yo reyèlman vre kont kolera ann Ayiti pandan 4 mwa rive jiska 24 mwa apre vaksinasyon an. Ki fè vaksinasyon an se yon eleman enpòtan nan efò ki ap fèt yo pou lite kont epidemi kolera.»

### ④ Kantite moun ki pran vaksen kont kolera, difikilte pou fè vaksinasyon an, ak pwoblèm vaksinasyon an te kapab pote, Ayiti, 2013<sup>[7]</sup>

Zòn gouvènman an te chwazi pou òganize premye kanpay vaksinasyon oral kont kolera ann Ayiti, 2013.



Sous : Ayiti, Ministè sante piblik ak popilasyon, CNIGS, ak Enstiti ayisyen estatistik ak enfòmatrik.

<sup>6</sup> Efikasite vaksinasyon oral reyaktif kont kolera andeyò ann Ayiti: yon etid ka-temwen ak evalyasyon feblès li. *Lancet Glob Health* 3: e162–e168

<sup>7</sup> Kantite moun ki pran vaksen kont kolera, difikilte pou fè vaksinasyon an, ak pwoblèm vaksinasyon an te kapab pote, **Ayiti**, 2013.

An 2013, gouvènman an dirije premye kanpay vaksinasyon oral kont kolera ann Ayiti, nan Titans (Petite Anse) ak nan Sèkakavajal (Cerca Carvajal). Pou nou evalye valè moun ki vaksinen, difikilte ki te ka genyen pou fè vaksinasyon an, ak pwoblèm vaksinasyon an te kapab pote, nou mennen yon seri ankèt an plizyè etap. Nou pran 1.121 moun nan Titans ak 809 moun nan Sèkakavajal ; nou klase yo fè 3 gwoup selon laj yo (1 an – 4 an, 5 an – 14 an, > 15 an). Kantite moun ki te resevwa 2 dòz vaksen te 62,5% nan, Titans epi 76,8% nan Sèkakavajal ; kantite a te pi piti pou gwoup ki te gen plis pase 15 lane yo. Nan Sèkakavajal, kantite gason ki te pran vaksen an te mwens lontan pa rapò a kantite medam yo nou te poze kesyon yo (69 % kont 85%;  $p<0,001$ ). Vaksinasyon an pa te lakòz okenn pwoblèm kay okenn moun apre yo te fin pran li. Nan kanpay la, moun ki pa te vaksinen se paske yo pa te la lè a. Kantite moun ki vaksinen apre kanpay sa a te aseptab, menm jan ak kantite moun ONG yo konn vaksinen nan kanpay yo fè. Lòt kanpay kit a gen pou fèt, ta dwe fèt yon fason pou granmoun ki ap travay lajounen ta benefisye tou.

---

## Kisa pou nou sonje trè enpòtan

- Kolera se yon maladi dyare grav ki ka touye moun yon ti moman si li pa trete.
- Selon estimasyon yo, chak ane mennen 1,4 milyon rive 4,3 milyon ka maladi kolera, avèk 28 000 rive 142 000<sup>1</sup> ki mouri pami yo.
- Sewòm oral arive trete jiska 80% ka maladi kolera yo.
- Dlo potab ak pwòpte endispansab pou diminye dega kolera a ak lòt maladi dlo ka pote.
- Vaksen oral kont kolera se yon mwayen an plis pou lite kont kolera, men se pandan yo pa kapab ranplase prekosyon nòminal yo.

---

[http://www.ph.ucla.edu/epi/snow/piarwouxkolerereport\\_french.pdf](http://www.ph.ucla.edu/epi/snow/piarwouxkolerereport_french.pdf)

<http://www.who.int/mediacentre/factsheets/fs107/fr/>

<http://www.pasteur.fr/fr/institut-pasteur/presse/fiches-info/kolere>

<http://www.who.int/topiks/kolere/kontwol/fr/index5.html>

<http://www.nejm.org/doi/full/10.1056/NEJMoa1510330>

[http://www.thelancet.com/journals/langlo/article/PIIS2214-109X\(14\)70368-7/abstract?cc=y](http://www.thelancet.com/journals/langlo/article/PIIS2214-109X(14)70368-7/abstract?cc=y)

[http://msp.gouv.ht/site/downloads/traitemement%20et%20stockage%20sur%20de%20l%20dlo%20FISCC.p  
df](http://msp.gouv.ht/site/downloads/traitemement%20et%20stockage%20sur%20de%20l%20dlo%20FISCC.pdf)

<http://msp.gouv.ht/site/downloads/manuel%20de%20fòmasyon%20haiti%20kolere.pdf>

[http://msp.gouv.ht/site/downloads/Plan\\_elimination\\_du\\_kolere\\_2012\\_2022.pdf](http://msp.gouv.ht/site/downloads/Plan_elimination_du_kolere_2012_2022.pdf)

[http://www.unicef.org/french/kolere\\_toolkit/Document\\_principal\\_guide\\_pratique\\_lutte\\_contre\\_le\\_col  
era.pdf](http://www.unicef.org/french/kolere_toolkit/Document_principal_guide_pratique_lutte_contre_le_colera.pdf)

<https://drive.google.com/open?id=1504LNIQYOEI6yp-BN-N9HTvV04k&usp=sharing>

<http://wwwnc.cdc.gov/eid/article/17/7/11-0059>

## Pwoteje tèt nou pou n pa trape kolera



● Lave men nou  
ak savon ak dlo pwòp



● Sèvi ak dlo trete



● Lave fwi ak legim  
yo ak dlo trete

● Byen kwit tout manje  
n ap manje



● Jete pou pou  
ak vomisman  
nan latrin



Organisation  
panaméricaine  
de la Santé

unicef

ACF

Oktòb 2010



# Men sa pou nou fè lè yon moun gen dyare ak vomisman

**Ba li sewòm oral pou ka ranplase dlo lap pèdi**



Si yon tibete trape dyare kontinye ba li tete epi ale nan yon sant sante. Toujou bay tibete yo tete menm si yo gen dyare pandan nap swiv règ lye yo.

**Mennen l nan sant sante san pèditan**



## Kijan pou prepare sewòm oral

Lave men, po, kiyè, boutey. Mesire yon lit dlo (valè 3 li boutey kòla oswa 2 boutey gran manje). Vide dlo nan po a. Vide ti sachè sewòm oral la nan dlo a. Bwose l, epi kouvi po a.



3 ti kòla oswa 2 gran manje



Pa manyen vomisman, mete yo nan latrin oswa nan yon trou byen fon.

Byen lave latrin yo ak dlo ak klorèka epi kenbe yo pwèp.

## Kijan pou nou fè sewòm lakay si pa gen kachè sewòm

Mete nan yon galon dlo trote 6 kiyè sik ak demi kiyè sel. Bèvi ak kiyè nou abitye manje.



demi sèl + 6 sik

**Lave men nou ak dlo ak savon lè nou sot manyen moun ki malad**



### Anèks III: Tès

1. Lè yon moun gen dyare kolera, kisa dyare a sanble :

- a. li tou nwa ☐
- b. li sanble dlo diri ☐
- c. li tou vèt ☐
- d. li sanble li gen san ladann ☐

2. Èske vaksen oral kont kolera a sifi pou kontwole epidemi kolera a ann Ayiti?

WI ☐ NON ☐

3. aprè konbyen tan mikwòb kolera a ka devlope :

- a. 2-3 zè de tan rive 5 jou ☐
- b. 4 jou rive 21 jou ☐
- c. 5 è de tan rive 10 jou ☐
- d. 2 semèn rive 3 semèn ☐

4. Èske mouch ka pote maladi kolera ?

WI ☐ NON ☐

5. Si yo pa fè tretman yon ka kolera ki grav, kantite moun k ap mouri a ka :

- a. 25 % ☐
- b. 50 % ☐
- c. 75 % ☐
- d. 100 % ☐

6. Mikwòb ki lakòz kolera a rele :

- a. Kanpilobaktè jejini ☐
- b. Echerichya koli ☐
- c. Vibriyo kolere ☐
- d. Chigela disanteryè ☐

7. Kay granmoun, si ka kolera a pa twò grav, pi bon tretman an se :

- a. Sewòm oral + doksisisiklin ☐
- b. Reyidratasyon IV + azitwomisin ☐
- c. Reyidratasyon IV + doksisisiklin + zenk ☐
- d. Sewòm oral + doksisisiklin + zenk ☐

8. Kiyès nan 4 sentòm sa yo ki plis sanble se kolera :

- a. fyèv cho ☐
- b. tèt fè mal ☐
- c. dyare dlo ☐
- d. touse san rete ☐

**9. Moun ki mouri kolera se akòz :**

- a. alèji yo fè ☐
- b. dlo yo pèdi nan tout kò yo ☐
- c. pwoblèm respirasyon ☐
- d. chòk nan kè ☐

**10. Pou maladi kolera a devlope, fòk mikwòb la anpil paske:**

- e. mikwòb yo dwe anvayi tout anndan lestomak la ☐
- f. asid ki nan lestomak lan detui pi fò mikwòb yo ☐
- g. maladi kolera pa soti sou yon moun pou li ale sou yon lòt ☐
- h. Anzim ki nan krache a detui pi fò jèm yo ☐

## **Kèk konsèy pou lè w ap fè yon seyans edikasyon sou lasante**

1. Edikasyon sou lasante chita sou prensip kominikasyon. Se poutèt sa, moun k ap fè edikasyon sou lasante a, pwofesyonèl lasante a, dwe konnen prensip kominikasyon ki pi enpòtan yo, bagay ki ka bloke kominikasyon yo ak sa ki fasilite kominikasyon yo, pou l byen fè mesaj li a pase. Li dwe konnen prensip pou l kominike ak yon moun oubyen ak yon gwoup moun tou, epi li dwe konnen tout sa ki fè yon bon edikatè de kalite.
2. Li ka itilize divès metòd pou l fè mesaj li yo pase. Men kèk nan metòd sa yo :
  - a) Metòd edikasyon moun grenn pa grenn : dyalòg, seyans konsèy, vizit lakay
  - b) Metòd edikasyon an gwoup: ti koze, reyinyon, diskisyon an gwoup, demonstrasyon

**N.B.: Metòd yo dwe adapte ak sijè a (sa ki ap di a) epi selon gwoup edikatè a dwe fòme a. Sa rekòmande pou edikatè a trete yon sèl sijè alafwa.**

3. Yon seyans edikasyon sou lasante ta dwe dire pou pi plis 20 a 25 minit : 10 a 15 minit pou espòze, epi rès tan an pou diskisyon, distribisyon materyèl, eksetera.

Kalite konsantrasyon patisipan yo varye paske li depann de moun k ap tandè yo ak nan ki sikonstans fòmasyon an ap fèt. Moun k ap fè edikasyon sou lasante dwe sonje nivo konsantrasyon an ap toujou pi ba toutotan nivo edikasyon moun l ap pale avè l la ba.

Se poutèt sa, edikatè a dwe suiv tout reyaksyon moun ki devan l yo pou l ap siveye ki è yon siy fatig ak siy mank konsantrasyon ta parèt. Sa kapab se :

- Lè plizyè moun ap pale youn ak lòt pa anba san yo pa tandè fòmatè a ki ap pale
- Siy enpasyans oubyen li sanble li bouke (detire, baye, eksetera...)
- Siy endiferans (moun yo p ap suiv ou, se lòt bagay ki enterese yo pase sa w ap di a)
- Moun yo ap pale byen fò youn ak lòt

4. Moun k ap fè edikasyon sou lasante a dwe itilize yon langaj ki adapte ak nivo moun ki ap tandè l yo. Li va itilize langaj yo pi plis pale nan kominote a pou l evite kominikasyon an pa ka fèt byen. Edikatè a dwe kontwole fason l ap pale, pou li pa pale ni twò vit ni twò dousman. Se pou li di sa l ap di a byen pwononse pou moun yo ka byen konprann epi pou l jwenn patisipasyon moun yo avèk pasyans, politès byen trankil.

Pou fini, edikatè a dwe asire se tout moun ki byen konprann mesaj li a. Se poutèt sa, avan yon seyans edikasyon, li dwe kenbe nan tèt li tout sa ki pi enpòtan pou moun yo sonje nan nan tèt yo, pou li ka fè yon rezime pou sa yo apre seyans lan.



Kwen ri Monseyè Giyou ak ri Jozèf Janvyè • Pòtoprens, Ayiti  
imel : [cifas@mspp.gouv.ht](mailto:cifas@mspp.gouv.ht)